

D+S  
M**Atirans Sajès**

Jn 6,41-51

19<sup>e</sup> dimanche ordinaire B

Musique : 10-08-2009, St Laurent

Paroles : 28-08-2009, St Augustin

**R. Grammèt, ban-m fòs pou-m rivé koté-ou**  
**San-m pa trinnin sou rout,**  
**Pa kité féblès dékourajé-m**  
**Pou-m rét nan bout chémin.**

1. Mouin pa konprann *Sajès* ou-a,  
   Pa kité-m bougonnin ;  
   Sous li yo byin kaché pou mouin,  
   Fè mouin obéyi-l.  
     Jn 6,41.43.61 ; Ex 16,2.7.8.9.12  
     Jn 6,42 ; Si 1,6 ; Ba 3,9-38 ; Ps 30,4 ; Si 24,4 ; Job 28,12-14.20-21 ;  
     11,7-9 ; Ep 3,18
2. Pèsòn pa kab rivé koté-ou  
   San *atirans Papa*-ou ;  
   Antan-*ou* panché anro lakoua-a  
   *Atiré*-m koté-*ou*.  
     Jn 6,44  
     Jn 12,32
3. *Éspri Sin ap kondui*-m nan min  
   Nan Vérité-a nèt,  
   Fè-m dosil pou-m kité-l gidé-m  
   Pou-m rivé nan bout.  
     Jn 16,13
4. Nan rinmin ki la pou tout tan  
   Ou té toujou rinmin-m,  
   Sé pousa ou té *atiré*-m  
   Nan mizérikòd.  
     Jer 31,3
5. Ou pasé aliens an favè-m  
   Pou-ou fiansé-m avè-ou ;  
   *Atiré*-m, m-ap kouri sou rout  
   Nan lodè pafin-ou.  
     Ct 1,4
6. Mouin louvri bouch mouin tout lajè  
   *M-aspiré* *Éspri*-a  
   Jan *Papa*-a ak ou *aspiré*-l  
   Nan yon minm aksion.  
     Ps 119,131  
     CS 38
7. San ou mouin pa kab fè anyin,  
   Mouin tankou yon ti pay ;  
   Min mouin kapab fè tout bagay  
   Antan-*ou* ban mouin fòs.  
     Jn 15,5 ; 21,6 ; Ps 127,1-2 ; Gn 11,1-9  
     Ph 4,13 ; 2,13 ; Jn 21,11
8. Tout nannuit m-ap voyé filè  
   San-m pa pran yon pouason ;  
   Nan matin ou di yon sèl mo,  
   Filè-m byin ranpli.  
     Lc 5,5-6 ; Jn 21,3-6
9. Étranjé tout koté-m pasé,  
   M-ap chèché vil sièl la ;  
   M-ap maché nan pélérinaj  
   Joustan-m fi-n rivé.  
     Ps 39,13 ; 119,19 ; Lc 25,13 ; 1 Chr 29,15 ; He 11,13  
     He 13,14 ; Ph 3,20 ; Col 3,1-4  
     Ps 84,6-8 ; 120-134 ; Is 30-29
10. Antan-m pòv mouin rélé koté-ou,  
   Ou kouté voua rèl mouin ;  
   Anba tou sa-k t-ap trakasé-m  
   Ou sové nam mouin.  
     Ps 34,7
11. Anj ou kanpé toutalantou-m  
   Pou-l kapab libéré-m ;  
   Mouin gouté, mouin ouè jan ou bon,  
   Mouin konté sou ou.  
     Ps 34,8-9